



PWOSÈ VÈBAL ODYANS BIDJETÈ KOMITE LEKÒL BOSTON POU EGZÈSIS FISKAL 2023 A

Jedi 10 Fevriye 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize elwaye sou bidjè Egzèsis Fiskal 2023 le 15 Fevriye nan 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Doktè Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Quoc Tran.

Manb Komite Lekòl ki Absan yo: Vis Prezidan Michael O'Neill ak reprezantan elèv Xyra Mercer.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda:

Prezantasyon Bidjè Egzèsis Fiskal 2023 avèk yon Aksan sou Bidjè Lekòl yo

Dokiman Bidjetè Adisyonèl pou Egzèsis Fiskal 2023 yo

RELE NAN LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Madam Mercer te absan. Mesye O'Neill te absan pou apèl nominal la men te rejwenn seyans egzekitif ki ankou a. Li te pati nan kòmansman odyans bidjetè a. Tout lòt manm yo te prezan. Madam Robinson te anonse ke Komite a t'ap repòte imedyatman pou yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak seyans negosyasyon kolektif

Jedi 10 Fevriye 2022

avèk Sendika Pwofesè Boston yo. Fè diskisyon sa nan kad yon reyinyon ouvri gen efè k'ap lakoz prejidi sou pozisyon negosyasyon Komite a.

REPÒTE NAN SEYANS EGZEKITIF LA

Apwouve - Nan yon apèl nominal, Komite a te vote nan anonima pou repòte imedyatman pou yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak seyans negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston yo. Prezidan Robinson te anonse ke Komite a t'ap retounen nan seyans piblik la 6 p.m.

RETOUNEN NAN SEYANS PIBLIK LA

Komite a te retounen nan seyans piblik la nan apwoksimativman 6:10 p.m. Madam Robinson te esplike ke Komite a te fèk retounen sot nan yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak negosyasyon kolektif avèk Boston Teachers Union (Inyon Pwofesè Boston yo).

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epitou li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. li te anonse sèvis entèpretasyon similtan an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamiyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Madam Robinson te pataje divès kòmantè sou nouvo anons Sirentandan Cassellius kote li pral kite wol direksyon li an nan BPS nan fen ane lekòl 2021-2022 an. Li te souliye plizyè pami reyalizasyon Sirentandan epi te salye angajman li pou ogmante ekite. Sirentandan te remèsye Komite a pou sipò li epi te pale pou jete divès baz solid. Li te reyafime angajman li ak BPS. Madam Robinson te pale sou enpòtans pou fini ane lekòl la solid, ajoute ke Komite a pral pataje plis enfòmasyon sou pwosesis pou idantifye yon nouvo sirentandan nan reyinyon 15 Fevriye li a.

PREZANTASYON BIGJÈ EGZÈSIS FISKAL 2023: KONSANTRASYON SOU BIDJÈ LEKÒL YO

Direktè Finansye a Nate Kuder, Direktè Finansye Adjwen David Bloom, ak Direktè Akademik Adjwen ak Sirentandan Adjwen pa Enterim Biwo Aprenan Anglè yo Farah Assiraj te prezante yon rapò sou Rekòmasyon Bidjetè Preliminè Sirentandan pou Egzèsis Fiskal 2023 (FY23) nan mete yon aksan sou bidjè lekòl yo.

Jedi 10 Fevriye 2022

Bidjè ki pwopoze a \$1,3 milya, ki pral fè objè yon pwosesis egzamen piblik yon semèn, reprezante pi gwo kredi nan BPS ke Vil Boston nan pa t janm fè epi konpoze ak divès investisman sible nan:

- Elaborasyon ak mizan-èy yon Kad Garanti Kalite - \$37,8 milyon.
- Soutni rezilta akademik akselere pou elèv yo - \$26,7 milyon
- Divès resous pou adopte konplètman pwogram etid MassCore nan - \$9,4 milyon

Finansman aliye sou Plan Estratejik BPS senk an epi rete konsantre sou retablisman eskolè pou elèv BPS yo - avèk yon aksan patikilye sou sila ki gen plis bezwen. Bidjè a kontinye konsantre li sou byenèt ak devlopman sosyo-emosyonèl elèv yo, rekonèt ke chak elèv bezwen tan, swen ak atansyon pou reyisi akademikman.

BPS ta dwe resevwa yon ogmantasyon \$40 milyon, ki reprezante yon ogmantasyon 11% pa rapò ak alokasyon ane pase a. Finansman pou chak elèv pral ogmante ane pwochen prèske \$2 200 pa elèv epi te ogmante prèske \$6 400 (31%) pandan 3 dènye ane yo, soti apwoksimativman \$20 700 nan Egzèsis Fiskal 2020 an, \$21 700 nan Egzèsis Fiskal 2021 an, ak \$24 900 nan Egzèsis Fiskal 2022, rive \$27 100 nan Egzèsis Fiskal 2023 a.

Investisman pou retablisman ekitab pral kontinye soutni elèv yo dirèkteman ki te plis enfekte pa pandemi an. Anplis, finansman federal la pral kontinye soutni re-envansyon alavni BPS, gide mizan-èy Plan Estratejik la, soutni angajman BPS pou li se yon distri antirasis, epi fè pwogrese divès rezilta ekitab pou tout elèv yo, an patikilye elèv lòt koulè yo, aprenan anglè yo, elèv ki gen andikap yo, ak elèv ki ap fè fas ak povrete.

BPS te lanse investisman li nan soutyen ak elèv yo ak fanmi yo avèk alokasyon yon enfimyè atan plen nan chak lekòl nan Egzèsis Fiskal 2020 an, pou founi yon sipò adisyonèl nan Egzèsis Fiskal 2021 an pandan ke elèv yo ak pèsònèl la te retounen nan aprantisaj an-pèsòn avèk Liyezou Fanmi pou kiltive konfyans ak pou founi sipò nesèsè ak fanmi yo. Depi lè sa, BPS te ajoute tou divès travayè sosyal aprenan tan nan chak lekòl pou soutni bezwen sosyal ak emosyonèl elèv yo. Investisman sa yo te kòmanse avan pandemi an, men te pwouve krisyal nan efò jeneral pou Retounen solid ak byen Rekipere pou BPS. Avèk bidjè Egzèsis Fiskal 2023, BPS fè divès plan pou kontinye konstui ekip sipò sa nan envesti nan konseye akademik baze nan lekòl yo pou ede konplete rezo sipò a pou asiste direktè yo avèk Ekip Sipò Elèv yo.

Lekòl Piblik Boston yo fòse kreye yon pwogram wot kalite, rigoure, ki etnikman ak kiltirèlman adapte, ki konplete pa yon ansèyman solid ki mennen nan divès pakou solid akademik. Sezon bidjè sa, BPS ap travay avèk dirijan lekòl yo pou ofri yon aksè ak MassCore nan nivo segondè a, epi aksede ak plis edikasyon fizik, atizay, mizik, ak anrichisman akademik nan orè elèv yo. \$6,2 Milyon nan bidjè Egzèsis Fiskal 2023 la ap rive alwe pou soutni tout lekòl yo nan mete ajou MassCore nan 9èm ane pou plase ba elve a pou preparasyon ak inivèsite e ak karyè pandan ke BPS ap fòse atenn objektif estratejik aprantisaj akselere ak yon opòtinite ekitab pou tout moun.

Jedi 10 Fevriye 2022

Bidjè Egzèsis Fiskal 2023 la pral kontinye envesti nan reparasyon divès enstalasyon atravè bidjè operasyon an, epi BPS pral fè divès investisman kritik nan nouvo enstalasyon atravè bidjè kapital la. Kad Garanti Kalite a vize konstui plis jimnaz, bibliyotèk, ak oditoryòm, epi pral ajoute divès espas kritik ki manke divès enstalasyon ki egziste. Adisyonèlman, bigjè a pral fè pwogrese Kad Garanti Kalite BPS la gras ak elajisman ak aksè kalite bibliyotèk yo. Pandan ke BPS kontinye elaji travay rekonsepsyon lekòl segondè yo, pral gen divès investisman nan atletism nan nivo elemantè, entèmedyè, ak segondè pou asire yon aprantisaj ak yon anrichisman adisyonèl.

Investisman prensipal nan bidjè Egzèsis Fiskal 2023 ki pwopoze a gen ladan l:

Garanti de Kalite

- \$7,8 Milyon pou aksè elaji pou bibliyotèk yo
- \$7,2 Milyon pou elaji Sipò Emosyonèl Sosyal yo
- \$22,8 Milyon investisman nan enstalasyon kalite elve

Rezilta Akademik yo

- \$5 Milyon pou Sipò Bileng yo ak Pwogramasyon Lang Natif
- \$10 Milyon pou elaji Konsiltasyon Akademik K-8
- \$6,7 Milyon pou re-envante divès lekòl, pratik, ak estrikti pou elèv ki gen andikap yo
- \$5,9 Milyon investisman nan Literasi Ekitab

Patisipasyon MassCore

- \$6,2 Milyon pou soutni mizan-èv lekòl segondè MassCore yo nan 9èm ane
- \$3,2 Milyon pou konseye gid 9èm ane adisyonèl

Depi Egzèsis Fiskal 2020 an, BPS te wè yon ogmantasyon \$2 milyon nan finansman baze sou enskripsyon, \$49 milyon nan aterisaj an dousè pou lekòl yo, epi 44 Milyon nan divès pòs ki alwe atravè Kad Garanti Kalite a. Finansman aterisaj an dousè yo dirije ak lekòl k'ap sibi diminisyon nan enskripsyon yo pou anpeche yon rediksyon nan sèvis yo. Investisman sa yo, konbine avèk fon Èd Ijans pou Lekòl Primè ak Segondè yo (ESSER), bay BPS yon opòtinite enkwayab pou plis investisman nan reyisit elèv yo.

BPS te lanse yon nouvo pwojè pasyonan pou repanse ak kisa modèl finansman lekòl yo sanble, nan veye pou modèl la refilete priyorite elèv yo ak fanmi yo, pandan y ap soutni ekitableman pwogramasyon inik nan lekòl yo epi asire yon garanti kalite nan chak lekòl. Devlopman yon fòm finansman ki pi ekkitab pral soutni pwogramasyon inik nan lekòl yo, pèmèt lekòl yo finance divès pòs ak divès pwogram ki pa konfòm, pral pèmèt lekòl yo ofri yon eksperyans edikatif solid ak elèv yo, yon jan endepandan de bèns enskripsyon yo, epi pral pwopilse elèv ki gen divès bezwen elve nan premye plan.

Pwen kle prezantasyon yo gen ladan yo:

- BPS te ogmante depans pa elèv yo 31% pandan twa dènye ane yo.

Jedi 10 Fevriye 2022

- Kantite enskripsyon total la te diminye a aprepre 7, 100 elèv pandan senk lane.
- Kantite enskripsyon pou klas K0 - 5yèm ane yo te diminye a aprepre 4,800 elèv pandan senk lane.
- Bès enskripsyon yo ta dwe pouswiv.
- Depi Egzèsis Fiskal 2020 an:
 - Finansman baze sou enskripsyon te ogmante \$2 Milyon
 - Aterisaj an Dousè yo te ogmante pa \$49 Milyon
 - Pozisyon ki alwe atravè “Garanti Kalite” a te ogmante pa \$44 Milyon
- BPS te brize tanporèman lyen ant bès enskripsyon yo ak diminisyon finansman. Investisman Egzèsis 2023 nan aterisaj an dousè te ogmante pa \$27 Milyon.
- BPS te ogmante finansman ak nouvo pwogram yo ak sipò paran te di yo atann nan chak lekòl nan kad Garanti Kalite a.
- Sirentandan angaje pou ogmante aksè ak espas bibliyotèk fizik yo san danje ak ajou nan lekòl yo oubyen nan kominote a.
- Konsiltasyon sosyo-emosyonèl ak akademik yo esansyèl pou rekipasyon elèv yo. Pou reponn ak bezwen endividyèl elèv yo, BPS ap konstui yon ekip pwofesyonèl ki kapab kreye divès plan kowòdone ak konplè.

KÒMANTÈ PIBLIK JENERAL

Moun ki swiv yo te temwanyè konsènan avni P.A a. Shaw Elementary School

- Alfredo Barros, rezidan Dorchester ak P.A. Elèv Shaw Elementary School
 - Brandon Michel, rezidan Dorchester ak P.A. Elèv Shaw Elementary School
 - Marie Deus, rezidan Dorchester ak P.A. Paran Shaw Elementary School
 - Shirell Williams, rezidan Dorchester ak P.A. Paran Shaw Elementary School
 - Shakira Rhodes, rezidan Dorchester ak P.A. Paran Shaw Elementary School
 - Matt Ennis, rezidan Dorchester ak P.A. Pwofesè Shaw Elementary School
 - Kyle Bounty, rezidan Norwood ak P.A. Pwofesè Shaw Elementary School
 - Jonathan Rodrigues, rezidan nan Mattapan ak reprezantan Federasyon Ameriken Pwofesè yo
- Robert Jenkins, rezidan nan Mattapan ak avoka kominote a, te temwanyè konsènan pwopozisyon bidjè a.
 - Edith Bazile, rezidan Dorchester ak avoka kominote a, te temwanyè konsènan pwopozisyon bidjè a ak sipò pou elèv edikasyon espesyal yo.
 - Ruby Reyes, rezidan nan Dorchester Direktè Egzekitif Boston Education Justice Alliance (BEJA), te temwanyè konsènan pwopozisyon bidjè a.

REZIME DISKISYON AN:

Jedi 10 Fevriye 2022

Mesye Cardet-Hernandez te eksprime sipò pou kreyasyon yon plan metriz enstalasyon pou maksimize sipò pou lekòl ki pami bènskripsyon yo. Mesye Kuder te esplike ekip enstalasyon an ap travay sou yon evalyasyon kondisyon enstalasyon pou ede defini sa batiman lekòl estanda ta dwe ye nan plan distri yo pou avni. Pwojè finansman lekòl yo pral eksplore enteraksyon ant enskripsyon ak ekite epi pou poze kesyon esansyèl sou fason distri a dwe finanse. Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje dirijan yo fè investisman entelijan tout pandan yo rete atantif ak pòtfev alavni distri pa yo. of the district.

Madam Lopera te eksprime yon santiman ijans konsènan enstalasyon yo, rekonfigirasyon ak enskripsyon. Li te fè eko ak nesosite yon plan direktè enstalasyon yo. Li te felisite elèv P.A.Shaw Elementary School ki te temwanye yo pandan kòmantè piblik la. Li te mande kòman distri a ap soutni lekòl yo tankou Shaw. Mesye Kuder te deklare distri a te mande Shaw pou fèmen yon klas twazyèm ane paske yo sèlman gen yon kantite paske yo te gen yon sèl kantite elèv twazyèm ane nan tay yon sal klas.

Li te deklare dirijan yo pral travay avèk kominote Shaw pandan pwochèn mwa yo pou idantifye yon chemen ki pi dirab pou swiv.

Doktè Alkins te ankouraje distri a amelyore kominikasyon li ak transparans li avèk kominote Shaw School la. Mesye Kuder te pale sou sansibilizasyon distri a ak Konsèy Paran Vil yo e ak kreyasyon e ak pataj enfòmasyon e ak divès resous konvivyèl. Li te deklare distri a ta dwe fè yon pi bon travay nan kominike plan konfigirasyon avèk kominote Shaw la epi ta dwe kominike pi bonè ke li te fè li. Li te dakò distri a bezwen pou li plis transparan sou fonksyonman pwosesis planifikasyon bidjè imobilizasyon yo. Mesye Bloom te pale sou efò planifikasyon finansyè alontèm distri yo ak angajman li pou ranfòse angajman kominote a.

Madam Polanco Garcia te mande yon mizajou distribisyon fon ESSER yo. Mesye Kuder te remèt ak Chèf Responsabilizasyon Eva Mitchell, ki kapab founi Komite a yon mizajou detaye sou finansman ESSER III nan yon avni pwòch. Li te deklare tout lekòl yo te soumèt demann finansman yo. Madam Polanco Garcia te mete aksan sou enpòtans transparans ak kominikasyon avèk fanmi yo. Mesye Kuder te pale sou enpòtans pou fè patenarya avèk fanmi yo epi tande tout vwa yo.

Mesye Cardet-Hernandez te pale sou konvèzasyon difisil distri yo ki pral dwe genyen alavni amwens ke enskripsyon yo pa estabilize nan premye ane yo. Mesye Kuder te dakò, pou li di se poutèt sa distri a entèveni nan ofri garanti kalite ak investi nan nouvo resous. Li te dekri Universal Pre-K ak investisman yo nan enstalasyon yo kòm divès estrateji enskripsyon.

Mesye Tran te ankouraje sipò pou pèsonèl BPS la.

Madam Lopera te deklare pou kondui yon analiz enskripsyon dwe yon priyorite. Li te mande ki investisman distri a ap fè pou konble lakin yo konsènan pwomès ki fèt ak kominote lekòl yo e ak konfigirasyon nivo yo.

Jedi 10 Fevriye 2022

Mesye Kuder te deklare ke BPS dwe reflechi ak planifikasyon alontèm, nan jwenn yon ekilib ant ijans ak reyaktivite. Li te deklare pwopozisyon bidjè Egzèsis Fiskal 2023 ap akonpli sa avèk divès investisman tankou etid kondisyon enstalasyon yo epi investi nan kapasite nan alafwa depatman operasyon yo ak ekip BuildBPS la.

Doktè Alkins te fè eko ak santiman ki soulve pa Madam Lopera.

Madam Cardet-Hernandez te eksprime sipò pou travay konplèks la. Li te eksprime preyokipasyon li lefètke nivo investisman sa ak aterisaj an dousè yo pa rive dirab, an patikilye distri a kontinye wè bènskripsyon. Li te ankouraje distri a jwenn divès solisyon alontèm. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou investisman yo pou soutni elèv ki alafwa se elèv edikasyon espesyal ak aprenan lang anglè yo. Mesye Bloom Bloom te dakò pou swiv divès done adisyonèl. Mesye Assiraj te deklare ke BPS gen yon delimitasyon espesyal nan fason y'ap soutni aprenan anglè andikape yo. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou repons ak twomatism nan lekòl yo. Sirentandan te deklare ke BPS gen omwen yon travayè sosyal nan chak lekòl. Pwopozisyon bigjè pou egzèsis fiskal 2023 a ajoute divès psikològ klinisyen, sa ki aliye BPS sou mwayèn mondyal la. Mesye Cardet-Hernandez te mande si resous yo ap finanse pou ogmante aksè ak espò pou jèn moun ki andikape yo. Sirentandan te deklare li t'ap fè swivi ak plis enfòmasyon sou vizyon espòtif la ak aksè pou elèv ki andikape yo.

Madam Lopera te ankete sou sipò sante mantal ki ofri ak pèsònèl BPS yo. Sirentandan te dakò pou fè swivi avèk plis enfòmasyon.

Madam Robinson te mande konbyen lekòl ki se lekòl ak filyè inik. Mesye Kuder te dakò fè swivi avèk enfòmasyon yo. Li te pale sou divès kompleksite ki antoure rekonfigirasyon potansyèl Shaw School ak enpak li t'ap genyen sou lòt lekòl yo. Li te deklare distri a ap eseye konprann fason fanmi yo ap navige nan sistèm nan epi planifye kòm sa dwa. Madam Robinson te mande poukisa kèk pèsònèl ap itilize Donors Choose pou finanse divès founiti ki dwe finanse pa bidjè BPS la. Mesye Kuder ak Mesye Bloom te esplike lekòl yo gen finansman pou founiti debaz sa yo, men ke BPS bezwen pi bon sistèm ak estrikti pou founi founiti yo.

Sirentandan te deklare ke BPS nan yon pozisyon inik pou fè divès investisman majè lè anpil distri lekòl ap fè divès koup bidjetè epi fèmen divès lekòl.

Madam Robinson te eksprime preyokipasyon sou ogmantasyon nan aterisaj an dousè yo. Li te ankouraje dirijan distri yo pou angaje nan kominote lekòl ki te resevwa plizyè ane aterisaj an dousè. Sirentandan te dakò ke distri a pral dwe pran desizyon desizyon difisil alavni konsènan fèmti lekòl yo epi fizyone akòz de sistèm aktyèl la ki pa dirab.

KÒMANTÈ FINAL YO

Madam Robinson te anonse ke tout dokiman bidjetè Egzèsis Fiskal 2023 yo disponib nan bostonpublicschools.org/budget. Yo dwe voye kòmantè yo pa imel nan budget@bostonpublicschools.org menm jan ak Komite Lekòl la.

Odyans Bidjetè Adistans Komite Lekòl Boston pou Egzèsis Fiskal 2023
Zoom

Jedi 10 Fevriye 2022

Pwochèn odyans bidjetè adistans lan pral rive fèt Jedi, 1 Mas nan 5 p.m. nan moman kote Komite a pral resevwa yon prezantasyon bidjetè ki konsantre sou bidjè santral la. Odyans bidjetè adistans final la pral rive fèt Mèkredi, 16 Mas nan 5 p.m., avan reyinyon Komite Lekòl la. Pwochèn reyinyon Komite Lekòl regilye a pral rive fèt Madi, 15 Fevriye nan 5 p.m.

REPÒTE

Ozanviwon 09:30 pm, Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl nominal, pou repòte odyans bidjetè a.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif